



Pou Piblikasyon Imedya: 19/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN YON FINANSMAN 2 MILYON DOLA KI DISPONIB POU REPONS RAPID AK KONTWÒL ESPÈS NUIZIB

Y ap Aseptè Aplikasyon pou Sibvansyon Apati Jodi a, Jiska 24 Mas 2017

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodi a gen yon finansman 2 milyon dola ki disponib grasa yon pwogram sibvansyon ki rele Repons Rapid ak Kontwòl Espès Nuizib (Invasive Species Rapid Response and Control Grant Program) pou pwovens, pou òganizasyon ki pa pou pwofi, e pou etablisman eskolè atravè eta a. Pwogram nan ap ankadre pwojè ki pran ka espès nuizib nan dlo epi sou tè, toupatou nan New York.

“Finansman sa a enpòtan pou kore jefò New York ap fè pou kontwole e retire espès nuizib ki poze danje pou sante ak byennèt kominote nou yo,” **Gouvènè Cuomo di.** “Sibvansyon sa yo ap ofri resous ki nesesè pou prezève e proteje anviwonman divès nou an, epi pou asire sekirite moun New York nan tout kwen eta a.”

Fon pou Pwoteksyon Anviwonman Eta New York (New York State Environmental Protection Fund, EPF) ap sèvi ak 2 milyon dola sa a pou finanse pwojè ki kalifye. Sibvansyon an ale de yon minimòm \$11,000 pou rive \$100,000, men yo mande yon match 50 pousan. Dat limit pou aplike pou sibvansyon an se 24 Mas 2017. Pou yon lis tout pwojè ki kalifye e pwojè ki pa kalifye, souple gade seksyon Mande yon Aplikasyon (Request for Application) nan [Grants Gateway](#).

Espès nuizib atake New York anpil poutèt richès biyodivèsite li e wòl eta a jwe kòm sant komès entènasyonal ak vwayaj. Yon fwa yo fin enstale, espès nuizib, tankou paregzanp agrildifrèn oswa moulzebre, kapab simaye byen rapid nan yon rejyon e malaji sou anviwonman an, sou sante moun, e sou ekonomi an. Repons rapid ak kontwòl se mwayen defans ki enpòtan e yo ede derasinen popolasyon nuizib yo nèt ale. Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo, bidgè 2016-17 eta a gen ladan li yon lòt 5.5 milyon dola nan EPF a pou pran ka espesyal kontwòl espès nuizib.

Pwojè ki fè pi gwo nòt yo se sa ki va mete aksan sou deteksyon bonè ak repons rapid, epi ki va bay mezi pou asire siksè alontèm. Y ap finanse aplikan ki montre klèman konesans, konpetans, ak abitud yo genyen pou konplete pwojè a avèk siksè. Priorite a se va pou pwojè ki kreye opòtinite pou piblik la patisipe e ki chita toupre tè oswa dlo

piblik yo. Pwojè yo dwe konplètman nan Eta New York.

DEC ap prepapre pou l anonse sibvansyon yo nan mwa Me 2017. Aplikan yo kapab aplike pou sibvansyon an sou Grants Gateway lè yo klike sou [lyen sa a](#).

Komisyonè Depatman Deta pou Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC), Basil Seggos, di, “Anplis de tout efò prevansyon Eta New York deja ap fè, sibvansyon sa yo se va bonjan mwayen defans kont espès nuizib nan dlo epi sou tè.”

Senatè Tom O'Mara, Direktè Sena Komite pou Konsèvasyon Anviwònman (Senate Environmental Conservation Committee), di, “Simayman san kontwòl espès nuizib akwatik ap menase pou li kraze ekonomi tourism rejyon an e l ap koute kominote lokal yo plizyè santèn milyon dola e plizyè milye djòb. Nou apresye jan lidè lokal yo ak sitwayen konsène yo travay di nan rejyon Southern Tier ak Finger Lakes, e nan tout eta a, pou pwoteje dlo nou yo ansanm avèk kalite ak potansyèl ekonomik yo, pou pitit pitit nou. Nou swete asistans leta ak lajan l ap investi, ansanm avèk lòt efò k ap fèt toujou, ap kontinye fè yon diferans.”

Manm Asanble Lejislativ la, Steve Englebright, di, “Lè yon espès nuizib fin estale, li kapab difisil anpil e sa gen dwa koute chè pou kontwòle li oswa eradike li. Se poutèt sa deteksyon bonè ak repons rapid enpòtan anpil pou evite gwo domaj ekolojik e ekonomik espès nuizib sa yo kapab koze. Sibvansyon nouvo pwogram sa a bay pral byen lwen pou ede pwovens, òganizasyon ki pa pou pwofi, e lekòl siperyè enpleman pwojè ki pwal pwoteje tè ak dlo nou yo kont simayman espès nuizib.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418